



## Lis Verifikasyon Risk ak Avantaj pou Retou nan Pwogram Lajounen Massachusetts la

Zouti sa a fèt pou patisipan, swanyan, ak founisè yo itilize yon fason kolektif pou ede pran desizyon pou retounen nan yon pwogram lajounen. Bwat ki tcheke yo dwe konte pou chak seksyon. **Lè ou fini**, ou pral genyen yon reprezantasyon vizyèl sou risk ak avantaj ki asosye ak retou nan yon pwogram lajounen. Kont ki pi wo nan kategori risk la endike yon pi gran risk move rezulta sante pou enfeksyon COVID-19 yo.

**Remak:** Zouti pou Risk/Avantaj sa a fèt pou ede patisipan yo ak pwòch yo detèmine nivo konfò yo pou retounen nan yon pwogram lajounen ki baze sou eksperyans endividiyèl yo.

**Pa genyen yon nòt byen presi deziyen ki kalifye oswa ki ekskli yon patisipan pou retounen nan pwogram lajounen yo a.**

**Non Patisipan a:** \_\_\_\_\_

**Dat Reyalizasyon:** \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_

Pati A: Risk Sitiyasyonèl	Tcheke ti kare a si genyen ( ☒= 1)
Patisipan an pa anmezi pou swiv pwotokòl distans sosyal la avèk 6 pye distans	<input type="checkbox"/>
Patisipan an bezwen ankourajman/asistans pou mete distans sosyal	<input type="checkbox"/>
Patisipan an pa anmezi pou itilize ekipman pwoteksyon pèsonèl (PPE) pandan peryòd tan ki pwolonie	<input type="checkbox"/>
Patisipan an bezwen asistans fizik oswa ankourajman pou reyalize ADL yo, tankou twalèt, manje, oswa mobilite	<input type="checkbox"/>
Patisipan an pa genyen volonte oswa pa anmezi pou reponn yon seri kesyon sou tès sante nan plizyè entèval pandan tout jounen	<input type="checkbox"/>

**Kantite Total Risk Sitiyasyonèl (Pati A):** \_\_\_\_\_

Pati B: Risk Anrapò ak Sante	Tcheke ti kare a si genyen ( ☒= 1)
Patisipan an fè dyabèt	<input type="checkbox"/>
Patisipan an gravman obèz	<input type="checkbox"/>
Patisipan an aje (ogmantasyon laj = pi gran risk)	<input type="checkbox"/>
Patisipan an gen pwoblèm respiratwa koni	<input type="checkbox"/>

Patisipan an gen gwo maladi kè ki koni, sa gen ladan maladi atè kowonè ak tansyon wo	<input type="checkbox"/>
Patisipan an soufri iminodepresyon (sa gen ladan VIH, kansè, apre-transplantasyon, tretman prednisone, elatriye)	<input type="checkbox"/>
Patisipan an gen yon maladi ren kwonik	<input type="checkbox"/>
Patisipan an gen nenpòt lòt pwoblèm sante anba ki ta ka konsidere kòm yon risk	<input type="checkbox"/>

**Kantite Total Risk Anrapò ak Sante (Pati B): \_\_\_\_\_**

Pati C: Avantaj pou Patisipan an	Tcheke ti kare a si genyen ( ☒= 1)
Yo pa ka kite patisipan an sèl lakay li epi pa genyen sipèvizon disponib pwobableman	<input type="checkbox"/>
Bezwen asistans medikal pou pwogramasyon jounen an (sètadi bay medikaman, kontwòl medikal)	<input type="checkbox"/>
Si se pa yon pwogram ki estriktire, patisipan an gendwa fè vagabondaj nan kominate a oswa enplike nan aktivite ki pa genyen distans, aktivite ki riske.	<input type="checkbox"/>
Sozializasyon enpòtan pou sante patisipan an; oswa, mank sosyalizasyon gen risk koni grav pou pwoblèm sante mantal yo.	<input type="checkbox"/>
Yon santiman nòmalite/woutin enpòtan pou sante patisipan an; oswa, mank woutin te mennen gwo risk pou pwoblèm sante mantal yo	<input type="checkbox"/>
Aktivite chak jou yo andeyò lakay li genyen chans pou redwi frekans pwoblèm konpòtmantal yo	<input type="checkbox"/>
Patisipan an pa anmezi oswa li pa genyen volonte pou enplike nan pwogramasyon vityèl/videyo	<input type="checkbox"/>
Lòt Avantaj (yo):	<input type="checkbox"/>

**Kantite Total Avantaj (Pati C): \_\_\_\_\_**

**Nòt Total pou Risk Global (Pati A + Pati B): \_\_\_\_\_**

**Nòt Total pou Avantaj Global (Pati C): \_\_\_\_\_**

**Remak:** Zouti pou Risk/Avantaj sa a fèt pou facilite diskisyon ak pou asiste patisipan yo ak pwòch yo detèmine nivo konfò yo pou retounen nan yon pwogram lajounen ki baze sou eksperyans endividiyèl yo.